# JÁMIYETLIK HÁM EKONOMIKALÍQ ILIMLER

**Filosofiya**

## ЭКОЛОГИЯЛЫҚ КРИЗИСТИҢ КЕСКИНЛЕСИЎИНИҢ ҲӘЗИРГИ БАСҚЫШЫНДА «ТӘБИЯТ-ЖӘМИЙЕТ» СИСТЕМАСЫН ИЗЕРТЛЕЎДИҢ ТИЙКАРҒЫ МЕТОДОЛОГИЯЛЫҚ УСЫЛЛАРЫ

**А.К.Бердимуратова –** *философия илимлериниң докторы, профессор*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** «табият-жамият» тизими, тизимли ёндашув, экологик вазият, экологик кризис, ноосфералик ривожланиш, фаол-ўзгартувчи ёндашув, тарихий-материалистик ёндашув, ижтимоий-экологик ёндашув, коэволюция, методология.

**Ключевые слова:** система «природа-общество», системный подход, экологическая ситуация, экологический кризис, ноосферное развитие, деятельностно-преобразующий подход, историко-материалистический подход, социально-экологический подход, коэволюция, методология.

**Key words:** “nature-society” system, system approach, ecological situation, ecological crisis, noospheric development, transforming-activity approach, historical-materialistic approach, socio-ecological approach, co-evolution, methodology.

«Тәбият-жәмийет» системасы динамика ҳалатында өзгеретуғын элементлердиң жыйнағын береди, өзгериўши структура өзгерип атырған объекттиң сапасын анықлайды. Системаның берилген мазмунда түсинилиўи қәлеген қатнасықлар арасындағы байланысларды турақлылық жақтан да, өзгерис тәрепинен де алып қарайды. Бул жерде системалық усылдың зәрүрли методологиялық тийкарлары ретинде диалектика теориясының төмендеги принциплерин: онтология, гносеология ҳәм праксеологияның бирлигин, тарийхыйлық ҳәм логикалықтың бирлигин, сындағы диалектикалық бийкарлаў принципин бөлип көрсетиўге болады.

Тәбият ҳәм жәмийет, биринshiден, белгили дәрежеде системалы шөлкемлескен ҳәм өзин раўажландырыўға уқыплы, екиншиден, олар бир-биринен ғәрезсиз жасамайды, ал көплеген туўры ҳәм қыя байланыслар менен байланысқан, үшиншиден, дүньяның бирлиги тек «ҳәр қыйлы системалылықты» емес, ал олардың «бир системалылығын да» беккемлеў мүмкиншилигин береди.

Берилген ҳалатлардың анаў яки мынаў тәреплерине дыққаттың қаратылыўына байланыслы, тәбият ҳәм жәмийеттиң өз ара тәсир етисиўин үйрениўде ҳәзирги заман экологиялық жағдайының кескинлескен басқышын есапқа алған ҳалда бир неше тийкарғы методологиялық усылларды бөлип көрсетиўге болады.

Биринши усыл искерлик-өзгертиўши усыл болып, ол тәбияттың системалы шөлкемлескенине бағдарланған, тийкарғы дыққат биосфераның эволюциясына, оның адам искерлигиниң тәсири астында жаңа сапаға өтиўине аўдарылады. Бул сапа ноосфералық раўажланыўдың еки вариантының бар болыўын көрсетеди. Биринши вариантқа тийкарланған ҳалда, ноосфера деп жасалма түрде басқарылатуғын биосфера түсиниледи. Жасалма цивилизацияның дөретилиў мүмкиншиликлери де биосферадан ғәрезсиз болып, адамның өмириниң сол цивилизацияның дөреткен жағдайларынан ғәрезли екенлигин көрсетеди. Бирақ, раўажланыўдың бул көрсетилген варианты утопиялық характерге ийе болып, тасландыларсыз (шығындыларсыз) өндиристиң жасалма системасын дөретиў, келешек илиминиң шексиз мүмкиншиликлеринен пайдаланыў тәбият айланбалығының қурамалылығын түсиниўден еле узақта. Бул усылды критикалай отырып, М.Виноградов, Г.Михайловский ҳәм А.Мониинниң пикирин қоллап-қуўатлаўға болады. Олардың пикиринше, адамзат эволюция процесинде биосфера тәрепинен туўылған ҳәм өзиниң өмирин биосферасыз, қандай да бир жасалма орталықта көз алдына келтире алмайды. Биосфера адамсыз жасаўы мүмкин, бирақ адам биосферасыз жасай алмайды [1]. Адам биосферадағы өз өмириниң характерин ҳәм өзиниң ҳалатын өзгертиўи тийис, бул адамлар орынлаўы тийис болған постулат. Тәбиятқа қайтыў да реаллыққа ийе емес. Себеби, адамзатты «жабайы тәбияттың» биогеохимиялық цикллериниң структурасына қайтарыўдың өзи мүмкин емес.

Екинши вариантта ноосфералық қурылыстың контекстинде тәбият ҳәм жәмийеттиң өз ара қатнасы проблемасының сыпатламасына дыққат аўдарылады. Бул жерде В.Вернадскийдиң концепциясына тийкарланатуғын идеялар басшылыққа алынады. Э.Леруа ҳәм Тейяр-де-Шарден тәрепинен илимий айланысқа киргизилген, кейин ала В.Вернадский тәрепинен раўажландырылған ноосфера түсинигин улыўмалық ҳаққындағы философиялық тәлиймат контекстинде алып қарасақ, мақсетке муўапық болады. Э.Леруа ҳәм Тейяр-де-Шарденниң ноосфера ҳаққындағы тийкарғы пикирин төмендегише бериўимизге болады: адамның пайда болыўы менен физикалық эволюция өзин тоқтатады, сол себепли биосферадан кейин ноосфера келеди, яғный кейинги эволюция «руўхый усыллар» жәрдеминде иске асырылыўы мүмкин. Оған жәмийет, индустрия, тил, ақыл ҳәм т.б. киреди [2:3-16].

В.Вернадскийдиң мийнетлеринде «ноосфера» түсиниги XX әсирдиң 30-жыллары пайда болады. Оның пикиринше, биосферада уллы геологиялық, космослық күш болып, ол жәмийетлик мақлуқат сыпатындағы адамның ақылын, оның бағдарланған ҳәм шөлкемлескен еркин аңлатады [3:270].

Тейяр-де-Шарден, Э. Леруа ҳәм В.Вернадский ноосфераны «ойлайтуғын қатлам» сыпатында алып қарайды. Атап айтсақ, оны өсимликлер ҳәм ҳайўанатлар дүньясының, биосфераның үстинде (Тейяр-де-Шарден) [4:155-158] пайда болатуғын, биосферадан бөлинип шығатуғын «еркин ҳәм интеллектуаллық сана» (Э.Леруа), адам болмысының планеталық характери менен байланыслы биосфераның жаңа (В.Вернадский) геологиялық ҳалаты деп көрсетеди.

Ҳәзирги ўақытта анық көзге тасланып атырған пикирди биринши рет В.Вернадский айтады: «Адам биринши мәрте өзиниң планетаның турғыны екенин ҳәм жаңа планеталық аспектте ойлаў ҳәм ҳәрекет етиўин реал түсинди. Ол, барлық тири жан заттай, планеталық аспектте тек ғана тиришилик тараўында – биосферада, өзи менен тығыз, нызамлы … байланыста болған белгили жер қабығында ойлаўы ҳәм ҳәрекет етиўи мүмкин» [5:270].

Ноосфераға ерисиўде үш аспектти бөлип көрсетиў, бизиң пикиримизше, зәрүр. Биринshiден, ноосфера ҳақыйқыйлықтың өзгеше тараўы, оның пайда болыўы ҳәм өмир сүриўи адамның ақылый искерлиги менен анықланады. Екиншиден, ноосфера адамның күшлери сарыпланатуғын жаңа предмет болып табылады, онда өзлестирилетуғын ҳақыйқыйлық ретинде өз бетинше статусқа ийе болған адам ақылы ҳәм оның интеллектуаллық дөретиўшилигиниң жемислери алып қаралады. Үшиншиден, ноосфераның өзи де қайта өзгериске ушырайтуғын тараў сыпатында өмир сүреди. Бул жерде, шәртли түрде еки бөлекти бөлип көрсетиўге болады. Бириншиси адамның биосферадағы орнын түсиниў менен, Жердеги адам искерлигин анализлеў, оның әсиресе негатив, изертленилмеген нәтийжелерин түсиниў менен байланыслы.

Екиншиси конструктивлик идеяларды береди, олар-

дың ишинде ең баслысы ретинде бир пүтин планеталық ойлаўды ислеп шығыўды бириктириў тийкарында адамзат ақылы өзи келтирип шығарған биосфераның глобаллық катастрофасынан қутылыўы мүмкин.

Ноосфераны қурыў мүмкин, себеби, биришиден, адам искерлиги өзиниң масштаблары бойынша геологиялық күш пенен теңлести, сол себепли биосфераны өзгерте алады. Екиншиден, техника ҳәм байланыс усылларына байланыслы адамзат пүтинге айланды, ҳәм бул сапада ноосфераны қурыўдың улыўма планеталық субъекти сыпатында алып қаралады. Үшиншиден, илимий ой диний ҳәм идеологиялық шеклеўлерден еркин болған планеталық қубылысқа айланды, усыған байланыслы адам искерлигин биосфераны «ақыл тараўына» айландырыўды тәмийинлейтуғын илимий дәлилленген принциплер тийкарында шөлкемлестириўге мүмкиншилик береди. Ноосфералық раўажланыўдың ҳәзирги басқышы адамның тәбияттағы глобаллық искерлигиниң нәтийжеси ҳаққында экологиялық кризисти бийкарлайтуғын пикирлерден турыўы тийис. Ең алды менен экологиялық кризис адам санасында шешилиўи керек. Тәбият ҳәм жәмийеттиң коэволюциясына тийкарланған дүньяның образы ислеп шығылып, кейин ол жәмийетлик қатнасықлар системасында иске асырылыўы тийис [6].

Ҳәзирги заман экологиялық жағдайын изертлеўдиң екинши методологиялық усылы тарийхый-материалистлик усыл болып, ол жәмийеттиң системалық шөлкемлесиўине бағдарланады, тәбиятты «өз бетинше баҳалық» ретинде алып қарамайды, ол жәмийетлик системаның қәлиплесиўиниң базиси, оның тийкары сыпатында түсиндириледи. Жәмийеттиң раўажланыўы менен бул тийкар жаңа тараўларды қамтыў арқалы кеңейеди, жәмийеттиң раўажланыўының жаңа шәртлерин (алдын өндирислик-экономикалық, кейин социаллық) дөретеди.

Кейинги «тәбият-жәмийет» системасын изертлеўдиң социаллық-экологиялық методологиялық усылында тәбият ҳәм жәмийет арасындағы байланыслар системасы ҳаққында, субъекттиң ҳәр қыйлы тәреплериниң қайта өзгертиў процесине избе-из кириўи ҳаққында сөз етиледи. Тийкарғы тастыйықлаўды жәмийетти социаллық қайта қурыўдың үстинлиги (приоритети) ҳаққындағы тезис қурайды. Ноосфералық қурылысқа өтпестен бурын, адам жәмийетлик қурылысты өзгертиўи тийис. «Организм» ҳәм «орталық» арасындағы баслы байланыс, оларды таңлаўға байланыслы яки тәбийий, яки социаллық, яки материаллық-нәрселик (цивилизация) болыўы мүмкин. Сол себепли адам экологиясында, биринши гезекте, адам ҳәм тәбияттың биологиялық байланысына тийкарғы күш бериледи, ал ноосфералық проблематикада өзгеше дыққат адамның автотрофлық принципине аўдарылады. Социаллық экологияда тийкарғы тастыйықлаў ретинде жәмийетти социаллық қайта қурыўдың үстинлиги (приоритетлиги) ҳаққындағы тезис алып қаралады. Цивилизация экологиясында ноосфералық раўажланыўдың тийкарғы шәртин мәдений жетискенликлер, техникалық системалар ҳәм т.б. түринде адам тәрепинен топланған цивилизациялық баҳалықлар береди.

Усыларды басшылыққа алған ҳалда XX әсирдиң 80-жылларынан баслап дүнья жүзи мәмлекетлериниң басым көпшилиги «үзликсиз раўажланыў» стратегиясын тийкар етип алды. Кейин ала оны «турақлы раўажланыў» (Рио-де-Жанейро, 1992 ж.) идеясы менен алмастырды. Бул концепцияның алға сүрилиўи адамзаттың экологиялық кризистен шығыўға болған умтылысын ҳәм раўажланыўдың дәстүрий моделин түсинип жетиўдиң нәтийжеси болып табылады. Бул концепция тек ғана турақлылық моментин өз ишине киргизип қоймастан, экологиялық ҳәм экономикалық раўажланыўдың динамикасын да, руўхый тараў ҳәм сиясий системаның өзгешеликлерин де есапқа алады. Ол адамның ноосфера дәўирине қарай жолын, стратегиясын реализациялаўды береди, яғный тәбият-жәмийет коэволюциясы ҳалатын аңлатады [7].

Солай етип, теңдей дәрежеде биосферадан ноосфераға өтиў жолы техносфераны да, социосфераны да қайта қурыў арқалы өтеди. Олардың ҳәр бири өз нызамлықларына ҳәм раўажланыў тарийхына ийе. Бул процессти тереңнен түсиниў, бизиң пикиримизше искерлик-қайта қурыў усылының екинши вариантына сай иске асырылады, анығырағы, турақлы раўажланыўдың жетилистирилген ноосфералық-технологиялық сценарийсине байланыслы жүз береди. Бул жерде тек тәбийий орталық ғана адам искерлиги тәсири астында өзгерип қоймастан, жәмийет те социотәбийий системаның нызамлылықларының тәсири астында қайта қурылады [8]. Берилген мазмунда адам тәрепинен социотәбийий орталықты билиў процесинде эмоционаллық, интуитивлик ҳәм рационаллық бөлеклердиң бириктирилиў өлшемине де айрықша дыққат бериледи. Себеби, биринши еки бөлек көпшилик жағдайда екинши дәрежели деп саналып, олар дүньяны ақылый өзлестириўге кесент береди деп түсиндириледи. Бирақ әмелият олардың ақылды альтернативлик шешимлерди излеўге мәжбүрлейтуғынлығын көрсетеди. Буған қосымша, ақылый шешимлердиң санаға сиңдирилиў процеси эмоциялар тийкарында дүзилген «келешек образының» мүмкин болған вариантын түсиниў арқалы иске асырылады. Сол себепли ақыл берилген системаны билиўде үш қурам бөлектиң ҳәммесин өз ишине қамтыйды, ҳәм «мақсетке сай» мазмунды ийелейди.

Солай етип, раўажланыўдың ҳәзирги заман басқышында жәмийет ҳәм тәбият коэволюциясы эмоционаллық мазмунды есапқа алыўшы әдеп-икрамлылық тийкарда иске асырылады. Усыған байланыслы қоршаған тәбиятты пайдаланыўдың баслы нәтийжесин руўхый талапларды, яғный тутыныў ориентациясына қарсы туратуғын руўхый баҳалықларды дөретиўге ҳәм өзлестириўге болған адамлардың ҳәм жәмийеттиң мүтәжликлерине реализациялаў береди. Себеби, руўхыйлық генетикалық планда жәмийетлик практиканың дөретпеси болып, тарийхый жақтан социумның қәлиплесиўин тамамлайды. Бундай жағдайда, әлбетте, жәмийетлик қатнасықларды гуманизациялаў, бизиң жәмийетлик дүзимге жаңа сапалы көринисти бериў, басланған руўхый жаңаланыў процеси экологиялық жағдайға тәсирин тийгизиўи тийис, баҳалықлар ҳәм идеалларды қайта түсиниў тийкарындағы диалектикалық процесс сыпатында тәбиятқа жаңа гуманистлик қатнасықты қәлиплестириўи керек.

## Әдебиятлар


1. Виноградов М., Михайловский Г., Монин А. Вперёд к природе. // ИВ РАН. 1994. №9.
2. Горшков В., Кондратьев К., Шерман С. Устойчивость биосферы и сохранение цивилизации. // Природа. 1993. №3.
3. Вернадский В. Научная мысль как планетное явление. -М.: 1991. -С. 270.
4. Тейяр-де-Шарден П. Феномен человека. -М.: 1987. -С.155-158.
5. Вернадский В. Научная мысль как планетное явление. -М.: 1991.
6. Http: www/ Russian.globalclub. com/gw 02 11 a/htm Доклад А.Вебер. Глобализация и устойчивое развитие: проблемное поле и возможные сценарии. (с), 2001, А.Вебер.
7. Встреча на высшем уровне «Планета Земля». Программа действий. Повестка дня на XXI век и другие документы конференции в Рио-де-Жанейро в популярном изложении. –Женева: 1993.
8. Berdimuratova, A. K., & Mukhammadiyarova, A. J. (2020). Philosophical and methodological aspects of the interaction of natural environment and man. International Journal of Pharmaceutical Research. https://doi.org/10.31838/ijpr/2020.12.03.235.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада жамият ва табиятнинг тизимли алоқаси асосида ҳозирги замон экологик вазиятининг кескинлашуви таҳлил қилинган. Тизимли ёндашув доирасида социотабиий ривожланишга нисбатан фаол-ўзгартувчи, тарихий-материалистик, ижтимоий-экологик методологик йўналишларнинг мазмуни очиб берилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассмотрено обострение современной экологической ситуации в её соотнесенности с системной связью общества и природы. Раскрыто в рамках системного подхода содержание деятельностно-преобразующего, историко-материалистического, социально-экологического методологических способов применительно к социоприродному развитию.

**SUMMARY**

This article discusses the exacerbation of the modern ecological situation in its correlation with the systemic connection with society and nature. Disclosed the content of the activity-transforming, historical-materialistic, socio-ecological methodological methods in relation to socio-natural development within the framework of the system approach.

**Tariyx**

# ҒӘРЕЗСИЗЛИК ЖЫЛЛАРЫНДА НӨКИС ҚАЛАСЫНЫҢ ТАРИЙХЫН ҮЙРЕНИЎДИҢ МЕТОДОЛОГИЯЛЫҚ ТИЙКАРЛАРЫ

**З.Есназарова** – *тарийх илимлериниң кандидаты*

**З.Алеуов** – *магистрант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар**: метод, методология, фараз, назария, тарих, педагогика, дидактика

**Ключевые слова**: метод, методология, гипотеза, теория, педагогика, дидактика.

**Key words**: method, methodology, hypothesis, theory, history, pedagogy, didactics.

Ш.М.Мирзиёевтың 2017-жылы 30-июньдағы Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы қасындағы Өзбекстанның ең жаңа тарийхы бойынша жәмәәтшилик кеңеси искерлигин шөлкемлестириў ҳаққында»ғы [1] қарары әҳмийетли ҳүжжетлерден бири болып табылады.

Қарарда жәмәәтшилик кеңеси алдында Өзбекстанның ең жаңа тарийхын систематы, ҳақыйқый фактлик материаллар тийкарында үйрениўди, жас әўладқа илимий ҳәм оқыў-методикалық әдебиятларды жаратыў бойынша бир қатар ўазыйпаларды қойған. Усы ҳүжжетте көрсетилген ўазыйпаларды бир-бирин толықтырыўшы еки бағдарда әмелге асырыў шәрт болып есапланады. Бириншиден, жас әўладқа илимий ҳәм оқыў қолланбаларды жаратыў, екиншиден, тарийхый мағлыўматларды рационаллық тийкарда, жасларға жеткериў ҳәм оқытыў бүгинги күнниң актуал машқаласы болып табылады.

Екиншиден, Орайлық Азияның жаңа тарийхы материаллары тийкарында тарийх илиминиң теориясы ҳәм методологиясы бойынша изертлеўлер алып барылды. Ғәрезсизликке ерискеннен кейин Орайлық Азия мәмлекетлери улыўма сиясий, билимлендириў социал-экономикалық өзгерислер шараятында пайда болды. Усындай шәртлер тийкарында тарийх, политология, халық аралық қатнаслар, экономика, социология, антропология, психология ҳәм басқа пәнлер сыяқлы көплеген илимий пәнлердеги заманагөй процесслерди есапқа алған ҳалда усы дәўирди теориялық ҳәм әмелий үйрениў стратегиялық жақтан әҳмийетке ийе болады. Усы процесслерди илимий түсиниў көп тәрептен тарийхтаныўдың бар концептуал ҳәм методикалық арсеналын бастан ақырына критикалық анализлеў, жақын ҳәм өтмиш тарийхын үйрениў менен шуғылланатуғын барлық илимий тараўлардың теориялық мүмкиншиликлерин жаңалаў менен байланыслы [2].

Өзбекстанның жаңа тарийхы ҳаққында сөз болар екен, биз ушын дәслеп мәмлекетимизде 1991-жылдан кейинги басып өткен тарийхый жолдың мазмунын аңлап жетиў айрықша. Илимий изертлеўлердиң белгиленген мақсети ҳәм гипотезасына байланыслы биз төмендеги ўазыйпаларды белгилеп алдық:

1) Нөкис қаласы тарийхының илимий тийкарланған дәўирлик системасын дүзиў ушын қәнигелестирилген әдебиятларды анализлеў;

2) усынылып атырған методологияның басқышлары ҳәм усылларын, олардың мазмуны педагогикалық процесске киргизиў тәртибин анықлаў жоқарғы оқыў орнының талабалары ушын Нөкис қаласы тарийхын оқытыў методологиясы нәтийжели әмелге асырыў;

3) тарийхшы талабалардың Нөкис қаласы тарийхы ҳаққында билим дәрежеси ҳәм дереклер көрсеткишин ислеп шығыў;

4) тәжирийбе-сынаў ислери процесинде ислеп шығылған методологияның нәтийжесин тексериў ушын қаралып шығылған изертлеўдиң методологиялық тийкарлары Нөкис қаласының пайда болыўы ҳәм раўажланыўын ашып беретуғын түсиниклер алып қаралады. Объектти ўақыт өтиўи менен раўажланып баратуғын система сыпатында үйрениўди тәмийинлейтуғын тарийхнамалық идеялар нәзерде тутылады. Сондай-ақ, Нөкис қаласы Қарақалпақстан Республикасының социал-экономикалық ҳәм мәдениятының раўажланыўында орны менен байланыслы болған тарийхыйлық жақтан сәўлелендириў. Билиў теориясы тийкарында исленбелер тийкарында эмприкалық ҳәм теориялық изертлеўдиң усылларын ҳәр тәреплеме қарап шығылыўы.

Билим бериў процессин анықлаў ҳәм оны оқытыў процесинде нәтийжели шөлкемлестириўдиң дидактикалық жақтан қантасыўы көрсетиледи. Раўажландырыў бойынша билим бериўдиң тийкарғы идеялары, Нөкис қаласының тарийхы ҳәм оның теориялық жақтан изертлениўи.

Теориялық изертлеўдиң түрли бағдарлары бойынша қәнигелестирилген әдебиятлар анализи, Нөкис қаласы мәдениятын үйрениўде тарийхыйлық машқалалары, тийкарынан тарийх ҳәм педагогика тараўындағы машқалалар, билимлерди қәлиплестириў методологиясы Нөкис қаласы тарийхының системасын дүзиў идеяларды улыўмаластырыў ҳәм системаластырыў; педагогикалық дизайн ҳәм моделлестириў эмприкалық социологиялық, бағдарланған педагогикалық бақлаў, гүрриңлесиў, сораўнама, тест, дөретиўшилик тапсырма, экспериментал изертлеў, мағлыўматларды қайта излеў алып қаралады.

Изертлеўдиң базасында үш басқыштан ибарат болып, биринши басқышта Нөкис қаласының тарийхын оқытыўдың тийкарғы жеке тәжирийбе, сондай-ақ изертлеўдиң түрли тәреплери бойынша тарийхый илимий әдебиятларды үйрениў ҳәм анализлеўди өз ишине алады.

Бул бағдарда үлкен теориялық методологиялық ҳәм илимниң фактлик майданына тийкарланған академик С.К.Камаловтың мақаласын айрықша көрсетиў зәрүр [3]. Автор бириншиден, олар ҳәзирги Нөкис аймағындағы эрамыздан бурынғы IV-III әсирлерге байланыслы археологиялық естеликлерди тапты ҳәм этнологлар болса, қала атын қарақалпақлардың